



**Mass
Measures**

Nou Bezwen Patisipasyon ou

Tès gratis pou detekte sibstans chimik anviwònman nan kò a

Poukisa ou ta dwe patisipe?

- Chak moun gen kèk sibstans chimik anviwònman nan kò yo — soti nan manje nou manje, lè nou respire, ak dlo nou bwè.
- Depatman Sante Piblik Massachusetts ap ofri tès gratis ki kapab detekte sibstans chimik anviwònman nan kò a.
- N ap eksplike rezilta ou yo epi diskite sou fason pou diminye kontak avèk sibstans chimik anviwònman, si sa nesesè.



Kisa k ap pase?

- N ap teste yon ti echantiyon san ak pipi ou pou sèten sibstans chimik. Sa rele **biyomonitoring**.
- Ou ka patisipe nan **yon randevou an pèsòn ki dire yon èdtan** (san ak pipi) oswa resevwa yon twous pou kolekte pipi lakay ou sèlman.
- Nou kenbe rezilta ou yo ak enfòmasyon pèsònèl ou an **konfidansyalite**.



Pou plis enfòmasyon:

Rele nimewo gratis **866-626-4224**

Ekri **MassMeasures@mass.gov**

Vizite **www.mass.gov/MassMeasures**



Etid Mass Measures la sipòte pa yon akò kolaborasyon ant Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) ak Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini (CDC) (Nimewo NU88EH001345). Dapre lwa Massachusetts (**M.G.L. c.111, § 24A**), Komisyon Enstitisyonèl Revizyon (IRB) DPH ansanm ak Komisyonè Sante Piblik la te revize epi apwouve plan pou pwoteje patisipan yo nan etid Mass Measures la. Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon IRB, kontakte IRB DPH nan imèl DPH.IRB@state.ma.us oswa rele (617) 624-5621 epi site nimewo IRB #2289318. Pou aprann plis sou etid Mass Measures la, kontakte Meg Blanchet, M.S., REHS, Envestigatè Prensipal, nan nimewo 866-626-4224 oswa nan MassMeasures@Mass.gov.